Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL K AP DEPLWAYE GAD NASYONAL LA NAN KONTE ERIE NAN MITAN TANPÈT IVÈNAL LA

"Nouyòkè yo ap fè fas ak yon tanpèt ivènal ki menase lavi e ki danjere, avèk tanperati jele ak inondasyon kotyè nan tout eta a, ak nèj ak glas patikilyèman nan Lwès ak Nò New York.

"An kowòdinasyon avèk Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz ak Majistra Buffalo Byron Brown, m ap deplwaye 54 manm Gad Nasyonal la nan Konte Erie pou ede rezidan yo, sitou sila yo ki gen randevou medikal pou ijans epi ki bezwen èd pou vwayaje. Manm sa yo pral sou tèren nan kèk èdtan.

"Mwen vle asire Nouyòkè yo ke tout resous eta nou yo deplwaye pou ede ak efò rekiperasyon tanpèt yo, epi n ap kowòdone sere ak ofisyèl lokal yo atravè eta a. Sonje: rete lwen wout yo epi pran prekosyon pou rete an sekirite lakay ou."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418